



**E-HANDOUT MATA KULIAH  
PAKELIRAN GAYA POKOK II**

# **PERTEMUAN KE-15**



## **LAKON “WAHYU PURBA SEJATI”**

**(Pathet Nem)**

**PROGRAM STUDI S1-SENI PEDALANGAN  
INSTITUT SENI INDONESIA SURAKARTA**

## **Keterangan**

- **Gending Sampak, Dasamuka dan Anoman dientas.**
- **Tampil Indrajit dengan Gathutkaca, gending suwuk, dialog.**

## **INDRAJIT**

Ana wong gagah prakosa, sapa kowe he....?

## **GATHUTKACA**

Satriya ing pringgondani Gathutkaca aranku, Kowe sapa...?

## **INDRAJIT**

Putra Nata ing Tawanggantungan Begayitma jenengku. He bocah bagus, ulungna dewi Laraireng dadi garwane sudarmaku prabu Dasakumara.

## **GATHUTKACA**

Tak ulungake yen wis bisa nglangkahi bangkeku.

## **INDRAJIT**

Klakon pangajabmu.

**Keterangan:**

- **Gending Sampak, perang antara Indrajit dengan Gathutkaca. Indrajit kalah menghilang. Tampil Baladewa dengan Prahastha, gending suwuk, dialog.**

**PRAHASTHA:**

Hamuk suramrata jayamrata tambak suraning ajurit,  
heh wong dwarawati, aja maju siji-siji ambyuka bareng  
ora-orane tak unduri.

**BALADEWA:**

Nya tampanan tungkaku...!!!!

**Keterangan:**

- **Gending Sampak, perang Baladewa dengan Prahastha. Prahastha kalah.**
- **Werkudara dikeroyok wadya dilawan dengan angin kabur tunggang-langgang.**
- **Tayungan Werkudara.**
- **Gending Ayak-ayakan, tampil Kresna, Baladéwa, Bratajaya, Werkudara, Anoman, Gathutkaca dan panakawan. Gending suwuk, dialog.**

**KRESNA:**

Kaka prabu, purnaning gati mangga sami muji syukur  
mring Gusti, asesanti sepisan mardika tetep mardika,

kalis ing rubéda nir sangsaya, hambabar HAYU,  
HAYOM, LAN TENTREM.

**Keterangan:**

- **Gending Ayak-ayakan, tancep kayon.**

## **TANCEB KAYON**